Қудай сизди сүйетуғынлығы ҳаққында **эпиуайы хакыйкат.**

# Мен Оларды сүйемен, деп айтың оларға!

ДЖОЙС МАЙЕР

Қудай сизди сүйетуғынлығы ҳаққында **эпиуайы хакыйкат.**

# Мен Оларды сүйемен, деп айтын оларға!

ДЖОЙС МАЙЕР

**Tell Them I Love Them**
**Joyce Meyer**
Copyright © 2003, 2007 Joyce Meyer

All rights reserved. Except as permitted under the U.S. Copyright Act of 1976, no part
of this publication may be reproduced, distributed, or transmitted in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the publisher.

Translated into Karakalpak in 2019

**Мен Оларды сүйемен, деп айтын оларга**
**Джойс Майер**
© 2003, 2007 Джойс Майер

Ҳәмме ҳуқықлары қорғалады. 1976 жылғы АҚШ авторлық хуқықлары ҳаққындағы Нызамына ылайық китаптың ҳеш бир бөлеги қайта баспадан көширилип шығарылыўы, тарқатылыўы, я болмаса ҳәр қыйлы мағлыўмат тарқатыўшы қуралларда ҳәм излеў үскенелеринде баспадан шығарыўшының келимимисиз руқсат етилмейди.

Қарақалпақ тилине 2019 ж. аўдарылған.

# МАЗМУНЫ


1 Қудай сизди сүйеди!....................5

2 Қудай ушын сиз жетерли дәрежеде унамлысыз ба?....................11

3 Сүйиспеншилик бул қарым-қатнас....................21

4 Сүйиспеншилик ҳәм исеним....................29

5 Қорқыныштан азат болыў....................35

6 «Бериўши мухаббат» - бул жарылқаўшы суйиспеншилик....................41

7 Қудайдың сүиспеншилиги сизди өзгертеди....................49

Ийсаны жүрегиңизге кабыл етиў дуўасы....................55

# 1
# Қудай сизди сүйеди!

*«Себеби Қудай бул дуньяны соншелли сүйгенликтен, Өзиниң жалғыз Улын курбанлыкка берди. Оның Улына исенген ҳәр бир адам набыт болмай, мәнгилик өмирге ийе болады».*

– ЮХАН 3:16

Қудай Өз шаңарағына ийе болыуды қалегенликтен, бизлерди Оның перзентлери болыуымыз ушын жаратқан. Бирақ бизлер өжетлик етип, өзимизди акылсыз тутыўымызды қалемейди. Ол менен байланыста болып, Оған пүткүл жүрегимиз бенен исениўимизди ҳәм Оның сүйиспеншилиги менен жасаўымызды күтеди. Қыйыншылықларға дус келгенимизде исенимимиз тек Қудайда болыўын қалейди. Қудай бизлер менен жақын қарым-қатнаста болыўға тырысады.

Көпшилик адамлар Муқаддес Китаптағы мына аятты

оқып, оны абстрактлы түрде түсинип былай деп ойлайды: «Аўа, Ийса пүткүл дунья ушын Өзин қурбан еткенлигин мен билемен». Бунда қате жоқ, бирақ Ийса тек-ғана қандайда ажыратылган бир топар адамлар ушын өлмеген - Ол ҳәр бир инсан ушын Өзин қурбан еткен. Ийса сиз ушын ҳәм өлген!

Билесизбе, бул дуньяда сиз жалғыз қалғыныңызда да, Ол бәри бир усы қурбанлықты қабыл етер еди. Басынан өткен ҳәмме қыйыншылықлардан сиз ушын өткен болар еди. Ийса сизди соншелли сүйгенликтен, Озин өлимге алып барды, ҳәм ОЛ сизди мәнги сүйеди.

Күнлердиң биринде, мен машинамда жол атланып баратырғанымда тосаттан Қудайдың маған былай деп сөйлегенин еситтим: «Сен Мениң көз-қарашағымсаң, Джойс» - деди. Ол ўақытта, бул сөзлер Муқаддес Китапта жазылғанлығын билмеген едим. Бирақ көп өтпей шайтанда маған өз пикирин қулағыма: «Тоқтап тур, Джойс. Буның бәрин саған жүрегиңдеги мақтаншаклыгын ҳәм мен-менлигин сөйлеп атыр-ғо. Сениң мен-меншилигиң басым болып кетпеди ме?», - деп сыбырлады ол. Усы ўақытта оның сөзлерине қулақ салып, - «Аўа, мен өзимниң минезим туўралы бундай жоқары пикирде болмаўым керек» - деп өзиме шешим қабылладым. Адамзат ушын өзиниң басқа жаратылыслардан айрықша екенлигин, я болмаса өзгеше қабийлетлерге ийе екенликлерин қабыл етеўи қыйын. Бул дуньяда ҳәр бир адам өзгеше ҳәм айрықша инсан, себеби бул Аспандағы Әкемиздиң ҳәр бир адамды бир биринен өзгеше етип жаратыўы болып табылады.

Буның бәрин ойлап көз алдыма сәўлелендирип турғанымда, Қудай маған бир көринис жаратты: базарда бир ҳаял алма сатып алмақшылығын көрдим. Ол жай-парахатшылық ҳәм дыққат пенен, алмалардың арасынан ең жақсысын таңлап алды. Бул көринис арқалы Қудай маған «Сен усы алма сыяқлы көплердиң арасынан таңлап алынғансаң, себеби Мениң ушын сен айрықшасан» - демекши болған екен. Қудай ушын мен арнап таңланған едим. Әлбетте, бул көринис сиз ушын мен-меншилик иретинде сезилиўи мүмкин, лейкин Қудай бул сөзлерди тек маған арнап қоймай – ҳәр бир инсанға арнап айткан. Ямаса Ол бизлерди қалғанлардан жақсырақ я қәдирлирек демекши емес. Қудай ушын ҳәр бир адам қәдирли ҳәм теңдей бийбаха екенлигин жеткизбекши. Бул нәрселер Муқаддес Китапта да жазылған. Қудай адамзат пенен жеке қарым-қатнаста болып, оған Өз көз қарашығындай нәзер салып турады.

Қудайдың мақтаўын сол ўақытта мен қабыл қылмадым, ҳәм жақсы сөзлерге жарамайман деп, өзимди ҳүким ете басладым. Бир неше күннен соң мен Муқаддес Китапты оқып отырғанымда мына аятқа дус келдим: «Көзиңниң қарашығындай етип қорға мени, өз қанатларыңның саясына жасыр.» (Забур 16:8). Кейин ала мен өзиме былай дедим: «Мен Оның бийбаха көз қарашығыман, бул ҳақыйқаттанда Қудайдың инамы». Ҳәм бул сөзлер мениң жүрегимде узақ ўақытлар даўамында жасап, маған күш-қуўат берди.

Ҳәр бир инсан сүйкимли болыўды қалейди, себеби бул қалеў сезимин бизге Ийемиздиң Өзи қәлиплестирген. Қудай

пүткүл дуньяны ҳәм Өз Улы Ийса Масихты сүйип, қушағына алғанлығына исенсекте, бир ўақытлары неге-дур Оның ҳәр бир адамға деген теңдей сүйиспеншигиниң бар екенлигине гуман туўдырамыз. Муқаддес Китапта былай жазылған: «Себеби Әке Улын сүйеди ҳәм қудиретли ислериниң барлыгын Оған ашып береди. Сизлерди ҳайран қалдыратуғын буннанда уллырақ ислерди Оған көрсетеди». Бул аят арқалы Қудай былай демекши: «Мен улым Ийса арқалы уллы ислер қылып атырман, ҳәм буннан да уллы ислер қыла аламан – сизлер лал қаласызлар» (автор таманынан өзгертирилген). Қудайдың ислерине таң қалып, ҳәўес еткенимизди қалейтуғунын билесизбе? Бизлер Муқаддес Китапты оқып отырып, Ийсаның қылған әжайып ислерине ҳайран қалып, «О Ийем, Ийса арқалы қылған ислериң сондай әжайып!» деп қуўаныўымызды қәлейди.

«Сизлерге шын ҳақыйқатын айтаман: Мына исенген адамның өзи де Мен ислеген ислерди ислейди, ҳәттеки, олардан да үлкенирек ислерди ислейди. Себеби Мен Әкеме баратырман». Қудай сизиң өмириңизде сондай, ҳәм оннан-да үлкенирек ислерге қадир. Себеби Ийса Әкесиниң үйине әлле қашан кеткен. Сизде буған исенесизбе? Қудай сизди сүйетуғунлығына ҳәм сиз арқалы уллы ислер қыла алатуғунлығына шыннан исенесизбе?

Күнлердиң биринде әдеттегидей Мухаддес Китапты оқып отырғанымда, Қудай маған былай деп сөйледи: «Джойс, мен пүткил адамзатты сүйгенлигимнен ҳәр куни оларға әжайып нәрселерди жаратаман, бирақ олар буларды я байқамайды я

түсинбейди. Саған әпиўайы бир мысал айтайын: ҳәр куни азанда Мен қуяшқа «шық» дегенимде, буны ҳәммеңиз ушын – Джойсқа, Беттиға, Джимғада, ҳәм… (өзиңиздың атыңызды жазың) - деди.

Ойланып көриң: Ҳәр күни таң атып қуяштың шыққаны, бул сиз ушын, ал оның батыўының сулыўлығын айтпайсызба! Бирақ адамлар буны тәбиий деп қабыллайды. Сиз куяштын шығып көтерилгени әлбетте билесизлер, ол дәл сиз ушын. Ҳәр бир таңның атыўы, жаўыннын жаўыўы - бул сиз ушын. Өмиримизде болып атырған жақсы нәрселердиң барлығы, Қудайдың бизге болған таўысылмас ҳәм шексиз мухаббаты ҳаққында жариялайды.

*«Солай етип, Қудайыңыз Жаратқан Ийе – ҳақыйқый Қудай екенин билип алыңлар. Ол садық Қудай, Оны шын суйип, буйрықларына әмел кылғанлардың мыңыншы әўладка дейин Өз келисимине садық қалып, жақсылық қылады» Низам 7:9.*

Қудайдың әжайып мухаббатын ақыры түсинип жетиўиңиз ушын мың жыллар жеткиликли бола ма? Ол мәнги Қудай, сонлықтанда Оны ҳеш бир нәрселер менен шаршатып болмайды. Бәлким сиз өзиңиздиң сәтсизлигиңиз ҳәм жетиспеўшиликлериңиз бенен Қудайды азаплап қойыўдан қорқып атырған шығарсыз? Яқ, бул мүмкин емес! Қудайдың мухаббаты шексиз болып, ҳеш қашан таўсылмайды, бизлерди Оның жек көриўине мәжбурлей алмайсыз. Қудайдың сүўиспеншилиги ҳәр қыйлы нәрселерден ибарат емес. Қудайдың Өзи сүўиспеншиликтен ибарат.

Қудайдың сүўиспеншилиги ҳәттеки ең жаман, ең патас гунәҳқарларғада қаратылған. Ол Ийса Масихты қабылламай, ҳәтте дозаққа кетиўге қайыл болған адамларды да күтеди. Солай етип, бетке тупиретуғун адамларды да Қудай соншелли жақсы көрсе, Оны қабыл етип, Оның перзентлери болғанларды Ол қаншелли көтермелейди!

Бәлким, сиз Ийсаны әлле-қашан жүрегиңизге қабыл етип, Қудайға деген өз сүйиспеншилигиңизди көп мәртебе айтқан шығарсызлар, бирақ соған қарамастан менде бир сораў бар: Қудай сизди сүйетуғунына ҳақыйқаттан исенесизбе?

Бул сораўдың мәнисин тусиниў жудә ансат: Қудай сизди сүйеди. Егер де сиз әлемде болып атырған ҳәр бир нәрсеге түсинип жетпекши болсаңыз, сиз дәслепки орында Қудайдың мухаббатын билиўиңиз зәрур.

Қаншелли өзиңиз талапланып  Кудайдың сөзин, ҳәм басқада әжәйип нәрселерди уйренбесениз сиз өмирде улкен жетискенликлерге ерисе алмайсызлар. Бул ушын Қудайдың сизге болған мухабаттын тәң алыўыңыз зәрүр. Қудайдың мухаббатын тәң алыў сизиң исениминиңизди күшейттирип, гүнәдан азат болыўыңыздың ҳәм қорқынышсыз инсәниятқа ҳызмет етеўиңиздиң тийкары болып есапланады. Сиз бүгин Қудайдың сүўиспеншилигин кабыллай аласызба?

Қудай сизди сүйеди!

# 2
# Қудай ушын сиз жетерли дәрежеде унамлысыз ба?

*«Сол үмит бизлерди уятқа қалдырмайды. Өйткени Қудай бизлерге берген Мухаддес Руўхы арқалы жүреклеримизди Өз сүйиспеншилигине толтырды. Аўа, өзлеримизди ақлаўға еле күшсиз болғанымызда Масих белгиленген ўақытта қудайды танымаған бизлер ушын қурбан болды. Ҳеш ким адам ушын өз жанын өлимге қыймайды. Ҳәтте, өзине қәўендер болған адам ушын да жанын өлимге қыйыўды қәлейтуғын адамлар аз. Бирақ, бизлер еле гунакар болған ўақтымызда Масих бизлер ушын өлди. Бизлерге деген сүйиспеншилигин Қудай усылай етип дәлилледи. Сонлықтан енди Масихтың қаны арқалы ақланғанымыз себепли, Ол арқалы Қудайдың ғәзебинен қутқарылатуғынымыз да анық. Себеби бизлер Қудайдың душпаны болсақ та, Оның Улының өлими арқалы Қудай менен*

*жарастық. Енди Қудай менен жарасып, Оның Улының өмири арқалы қутқарылатуғынымыз да анық».*

– РИМЛИКЛЕРГЕ 5:5-10

Көпшиликтиң ойынша, Қудай тек ғана миңсиз адамларды жақсы көреди екен. Өзиниң ис-ҳәрекетине разы болмаған адамлар Қудай ҳәм олардың ислерин қоллап-қууатлайды деп ойламайды. Қудайдың сөзинде айтылған: «Инсаният бул ким, ол ҳаққында не ойлайсаң? Адамзат бул ким, Сен оған ғамхорлық қылсаң?» (Забур 8:5). Бунның жууабы аңсат: Биз Қудайдың жаратыуымыз, сонлықтан да Ол бизлерди соншалли сүйеди. «Бизлер Қудайдың бизлерге деген сүйиспеншилигин билемиз ҳәм оған исенемиз. Қудай сүйиспеншилик. Ким де ким сүйиспеншилик пенен жасаса, ол Қудайда, Қудай да онда болады» (1 Юхан 4:16).

Қудай сизди қатты сүйеди. Ол ушын сиз бәрқулла айрықша озгешеликке ийесиз. Бул ҳақыйқат маған я басқаға уқсауынызды талап етпейди. Биреуге уқсауға ҳәрекет етиу адамды сондай бахытсыз қылады, ҳәм шайтанға бизди Қудайға жарамаймыз деген алдауларына жол ашып береди. Негизинде, биз Кудайға жағыныуымыз ушын Оның алдында «жақсы ҳәм әдепли» болып көриниуимиз шәрт емес.

Бизлер уллы ҳәм жақсы адам болғанымыз себепли Өзин

қурбан етпеген, бирақ ҳәр бир гунәхкарға болған мухаббаты атанақ ағашқа жетелеген. Мухаддес Китапта айтылғаныдай: Ийсаның бизлерге болған сүйиспеншилиги соншелли басым болғанлығынан – Ол бизлер ушын қурбан болды. Ал енди Ийсаның қаны арқалы пәкленгеннен кейин, Қудайдың мухаббаты бизлерге оннан бетер артады (Рим 5:9). Бизлердиң ҳәр турмысымыздың ҳәр күнинде жол қоятуғын қателеримиз ҳәм надурыс ислеримизди кешириўи ушын Қудайдың сүйиспеншилиги шексиз. Бизлердин хар кунимиз табыслы өтиўи ушын Қудайдың сүйиспеншилиги жеткиликли.

Бир куни Қудай бизлердиң қате ҳәм надурыс ислеримизге Ол қалай карайтуғунын мына бир мысал арқалы маған аян етти: Тамның ишин тазалап атырған ананы сырттан бақлап турған үш/төрт жаслы қызды көз алдыңызға елеслетиң. Ол қыз анасын жақсы коргенлигинен оған қолынан келгенше жәрдем бергиси келеди. Солай етип бир шелек сүў ҳәм бир ләттени алып айналарды жуўа баслайды. Анасы оның қол мийнетиниң «жемисин» көреди, бирақта ол өзине керекли болған ләттесин булдиргенлигин билип қалады. Оннан қатты ренжип, оны жазаламақшы болады. Бирақ қызы оған өзиниң жиңишке, нәзик даўысы менен былай деди: «Анажан, қара, мен бул айнаны сен ушын жақсылап ҳәрекет етип жуўдым. Себеби, мен сени жақсы көремен!».

Мийримли ана әлбетте былай деп миннетдаршылығын билдиреди: «Рахмет саған, қызым. Сен барлығын әжайып орынладың». Келеси мәрте ол ана қызына кеңесип ис қылыўды үйретеди.

Усы мысал арқалы Қудай маған бизлер менен қандай қылып қарым-қатнас қылатуғынын көрсетти. Ол ҳәр ўақытта бизлердиң натуўры ислеримиздиң ақибетин көрсетеди. Егер сиз Оған барлық күшиңиз бенен жақсы таманға қарай умтылсаңыз Қудайға буның өзи жеткиликли. Бизлердиң қолымыздан келмейтуғун нәрсени Кудай бизден талап етпейди. Егер сиз: «Қудай, мен надурыспан. Мен қаншели ҳәркет етсем де, бул жағдайды өзгерте алмадым» деп Оннан дуўа етип сорасаңыз, Ол әлбетте сизге жуўап қайтарады. Себеби адамлар Қудайсыз ҳеш жақсылыққа ерисе алмайтуғынымызды биледи.

*«Қудай тәрепинен жиберилген, Қудайдың сөзлерин сөйлейди. Себеби Қудай, Руўхын өлшеўсиз береди. Әке Өз Улын сүйеди ҳәм ҳәмме нәрсени Оның қолына тапсырған» (Юхан 3:34,35).*

Бул аят ҳаққында ойланып корсем, Қудай Өз Руўхын аз өлшем менен емес, ал Ол толық ҳәм сақыйлық пенен беретуғунын түсинип жетип, мен қуўанғанымнан жылап жибердим. Қудай ҳәш қашан Өз жарылқаўларын бизлерге аз муғдардан, я болмаса тамшылап бермейди. Керисинше «Менде бар нәрсениң бәри сеники. Ҳәммесин ал» - дейди Ол. Сонлықтанда бүгин сиз Қудайдың жарылқаўларына толық ийе бола аласызлар. Не ушын дейсиз бе? Себеби, Ол сизди жақсы көреди. Оның сүйиспеншилигине ересиўиңиз ушын сиз турақлы бо-

луыңыз, ямаса жүдә сулыў ямаса жоқары дәрежеде билимли болыўыңыз шәрт емес. Бул тек ғана Қудайдың сизге болған сыйы, себеби Ол сизди сүйеди.

> *«Өйткени сизлер Қудайыңыз Жаратқан Ийениң мухаддес халықысыз. Жер жүзиндеги барлық халықлардың арасынан Ол сизлерди Өз ғазийнеси сыпатында таңлап алды.*
>
> *Жаратқан Ийе сизлерди басқа халықлардан көп болғаныңыз ушын сүйип, таңламады. Сизлер басқа барлық халықлардан аз едиңиз. (Нызам 7:6,7).*

Қудай сизди суйгенликтен ҳәм бабаларыңызға берген ўадесин орынлаў ушын сизлерди қудиретли күши арқалы Мысыр патшасы қуллығынан азат етти.

Достым, бул қандай әжайып жаңалық! Қудай бүгин сизге былай дейди: «Сен мениң сүйикли ҳәм пәк перзентимсен. Мен саған айтаман - сен айрықшасаң. Мен сениң гүнасыз ҳәм ажайып инсан болғанын ушын таңламадым, ал сени шын суйгенлигим ушын таңладым.» Қудай сизден не қәлеп атырғанын билесизбе? Ол сизден Онын суйетуғынына исениўиңизди, Оны өз жүрегиңизге қабыл етеўиңизди қалейди.

Арамыздағы көпшилик адамлар ушын үлкен машкала бул өзин өзи жақсы көре алмаслық болып табылады. Сонын ушында бизлер Қудайдың ҳәм өзгелердиң суйиспеншилигине исенбеймиз. «Мени ким жақсы көре алады? Себеби менде

кемшиликлерим соншелли көп», - деп ойлаймыз. Егерде сиз өзиңизди – жағымсыз ҳәм сықылсызбан деп көрсеңиз, онда булардың бәри сизиң ойыңызға, ис ҳәрекетиңизге ҳәм сөйлеў мадениятынызга тиккелей тәсир етеди. Солай етип, сиз өзиңиз жаратқан усы образдан арта алмайсыз.

Менде бир ўақытлары усындай өзин өзи жақсы көре алмайтуғын машқалаға ийе болып едим. Мен ҳәр тәреплеме өзгериўге ҳәрекет еттим. Мен өзимди сондай сойлемшек адам деп коретуғын едим, сонлықтан өзимди үнсиз болып жүриўге мәжбүр еткен күнлерим де болған еди. Бул ҳәрекетлерим мени тек-ғана депрессияға алып келди. Жақынларым меннен «Саған не болды, неге үндемей қалдың?» - деп кызыгып сорайтуғын еди. «Сизлер енди, мени тыныш қойыңлар, сизлер мениң тилим узын ҳәм сен жудә коп сойлейсең, деп айтқан едиңиз ғо! Енди мен бул кемшилигимнен азат болыўым керек!» - деп ойлайтуғын едим. Солай етип, мен көп жыллар даўамында усы нәрседен азат бола алмай қыйналдым, ҳәтте усы күнге шекем мен тилим себепли жағымсыз жағдайларға дус келген ўақытларым да болды. Көп сойлейтуғын адамлар өз өмир жолдасы сыпатында көбинше жудә аз сөйлейтуғын адамды таңлайтуғынлығын байқадым. Буның менен шайтан да пайдаланыўды қалеп, ол өмир барысында «сениң тилиң дым узын, сонын ушын сен жым бол!» деп адамды өзин өзи ҳүким етеўге алып келер екен.

Ал Қудай болса, бизди өзимизди ҳүким етиўден азат етпекши! Бирақта, азат болыўымыз ушын биз терең исенимге ҳәм

дурыс шешим қабыллаўға ийе болыўымыз зәрүр. Сиз өзиңизди қаншелли айыпдар сезгениңизге қарамастан бул сизиң қате ислериңизди ақламайтуғунын билесизбе? Надурыс нәрсе ислеп қойғаннан кейин ҳәм Қудай сизди алдын қаншелли сүйген болса, ҳәзир ҳәм сондай суйетуғынына исениў қыйын, дурыс емес пе?

Шайтан қайта-қайта «сениң минезиң жаман, улыўма шырайсыз адамсаң» деп, қулағыңызға қуйыўға ҳәрекет етеди: «Буны сен иследиң! Енди сен өзиңди ким мен деп ойлайсаң! Қудай сени ҳәш қашан жарылқамайды, себеби сен гүнакарсаң! Қудай ҳақында сен не айтып бере аласаң?! Сен ҳеш қашан дурыс нәрсе ислемегенсең!» - дейди.

Бунда жағдайларда сиз дарҳәл Қудайға былай деп сыйының: «Ийем, мен қатеге жол қойдым, ҳәм мен Сениң Улың Ийса Масих аты менен соранаман – мени кешир. Мен қылған надурыс ислериме тәўбе етемен, мени Өз мухаддес қаның менен тазала. Сениң кеширимиңди өзиме қабыл етемен, Ийем. Шайтан, сениң ҳәрекетлериң бийкар, себеби Ийса мениң гунәмды өзине алып, мени азат қылды. Енди сен мениң өмиримнен қолыңды тарт!» Ал енди гунәларыңыз кеширилгенин қабыл етип, қуўанышқа толың! Мүмкин, сиз бир надурыс исти қылып қойған шығарсыз, ҳәм бул сизди үмитсизлендирип атырған шығар. Исениң, мен өзимди айыплаўды тоқтатқанымнан алдын, усындай ойлайтуғын едим. Бурын қылған қате ислериңиз ушын айыплаўды тоқтатың, сонда сиз қатешиликке басқа жол коймайсыз!

Айып ҳәм айыплаў адамға басым жасап, оны қыйнайды ҳәм азатлықтан мәҳрүм етеди. Айыплаў руўхынан азат болыуыңыз ушын сизге исеним ҳәм батырлық керек болады: басыңызды көтерип, ийинлериңизди көтерип жаман ойларды қабылламаң. Шайтан сизге былай деп, үстиңизден ҳүким қылмақшы болғанында: «Сен не, буған ренжимейжақсанба? Сен өзиңди бир неше саат жаман сезиўиң керек. Себеби, сениң ислеген исин қорқынышлы-ғо!» Усы ўақытта сиз шайтанның аўызын жабың: «Болды, мени тыныш қой. Мен ҳәр бир нәрсеге енди капа болмайман!». Бәлким, шайтанның ҳүжимлерине қарсы турыў қыйын болыўы мүмкин, бирақ сиз айыбыңызды Қудайдың алдына алып келиўге асығың.

Мухаддес китапта айтылганындай, Ийса атанақ ағашта бизлердиң тек гунәмыз ушын емес, ал Ол бизлердин айыбымыз ушын, ҳәм өзимизди ҳүким ете бермеўимиз ушын жанын берди (Ийшая пайғамбар 53:5-6,11). «Ал ОЛ бизлердиң қылмысларымыз ушын жарақатланды, бизлердиң жынаят ислеримиз ушын азап шекти. Тынышлық алыўмыз ушын берилетуғын жазаны ол алды, Оның денесиндеги жаралары бизлерге шыпа берди. Бизлердиң ҳәр биримиз қойлардай жолдан адасып, өз жолымыздан кеткен едик. Жаратқан Ийемиз оған ҳәммемиздиң жеркенишли болған ислеримизди де жүкледи».

Буған қарамастан, шайтан бизлердиң унамсыз ислерди ислеўимизди қалейди, себеби айыплаў бизди Қудайдан узақластырады. Егерде сиз мойыныңызда аўыр айыплаў жүгин көтерип жүрсеңиз, сиз ҳеш қашан Қудайдың сүйиспен-

шилиги менен толық ләззетлене алмайсыз. Сол себептен де бул нәрсе, темир перде сыяқлы Қудай ҳәм адамның арасында қарым-қатнастың болыўына жол қоймайди. Жүрегиңизде айыплаў сезими менен жасасаңыз, сиз Қудайдың даўысын да есите алмайсыз, я Оны көре алмайсыз да. Көз алдыңызда тек гүнәңызди көре аласыз.

Өзиңизди айыплаўды тоқтатың. Мухаддес Китапта жазылғаныдай «Мениң инаятым сизлерге жеткиликли» дегенине исенип жасаң. Ийемиз сизди қатты сүйеди, сонлықтан да сизге өзиниң кеширимин ҳәм инаятын инам еткенди қалейди. Буны тек қабыл етиң.

Қудай сизди сүйеди!

# 3
# Сүйиспеншилик бул қарым-қатнас

*«Бизлер Қудайдың бизлерге деген сүйиспеншилигин билемиз ҳәм оған исенемиз. Қудай – сүйиспеншилик. Ким де ким сүйиспеншилик пенен жасаса, ол Қудайға, Қудай да онда болады».*

– 1 ЮХАН 4:16

Биз Кудайдын суйиспеншилигине еристик ҳәм оны исеним менен кабыл етемиз. Қудай – суйиспеншилик. Суйиспеншиликке ийе болғанлар Қудай менен бирге ҳәм Қудайда да олар менен бирге.

Қудайдың сүйиспеншилигин қалай етип түсине аламыз? Сиз қаншелли күшли сүйиспеншиликке ийе болыуыңызға қарамастан, сизде Қудайдың сүйиспеншилиги толық жасамаса, буның бәри ўақтынша. Мысалы, биреў сизди жақсы көрип, озиниң сүйиспеншилигин бәрҳә көрсетсе сиз өзиңизди әжай-

ып сезбейсиз бе? Бундай әжайып сезим адамның өмиринде дус келетуғын хәр қандай қыйыншылыққа қарсы ҳәм тик турыўға жәрдем береди. Қудай сизди қатты жақсы көреди, ҳәм сиз буны билиўиңизди қалейди.

Буннан тысқары, Ол сиз бенен ҳәр куни жақын қарым-қатнаста болыуға тырсады. Сиз Қудай менен жақсы қарым-қатнасқа ийесиз бе? Қудайдың алдында қутқарылғаныңыз, узақ ўақыт алдын Оны қабыл еткениңиздиң барлығы, ҳәр куни Оның ҳүзиринде рәхатланып атырғаныңызды аңлатпайди.

Таң азанда ойянғанымда маған биринши болып Қудай ҳаққында ойлар келеди. Кеш қурын да мен Қудайды еске аламан. Қудай бәрқулла мениң жүрегимде. Өмиримдеги eң баслы ҳәм күшли қалеў бул – Ийемизге жағыныў ҳәм Оған ҳызмет етиў. Бул өткинши дунья адамның жүрегиндеги бослықты ҳеш қашан толтыра алмайды, бул тек-ғана Қудайдың қолынан келеди. Бәлким сиз «мен буның бәрин әлле қашан билгенмен, ақыры мен Ийсаны қабыл еткениме көп уақыт болған», деп ойларсыз. Бирақ сиз Қудайды ҳәр саатта, ҳәр күни, ҳәр бир жағдайда излеп атырсызба? Оның сүйиспеншилигин қабыл еткенсизбе?

Қудай сизди сүйеди. Ол ушын сиз айрықша ҳәм бийбахасыз. Сиз Оның менен бәрха жақын қарым-қатнаста болыў ушын жаратылғансыз. Қудайдың eң үлкен қәлеўи – бул Оның менен сизиң бирге болыўыңыз. Ҳәр күни азанда Ол сизге қарай былай дейди: «Жаңа куниң менен, Мениң сүйкимли балам/қызым».

Кунлердиң бир кунинде, мениң бир достым, ибадат етип атырғанында Америка халқының Қудай менен болған қарым-қатнасы хаққында аян болған. Бул көринисте Ийса ҳәр бир шаңарақтағы инсан менен қарым-қатнас етиў ушын келип, оларды күтер екен. Лейкин адамлар, өзиниң жумысларын питирип жуўмақлаўға асығып, Оған: «Ийем, өтиниш, кейин сөйлесейик, яхшы ма? Мениң ҳәзир ўақтым жоқ, мен кетиўим керек» деп жуўап берер екен. Соңынан ҳеш бир адам берген ўәдесин орынламайды ҳәм Ийса капа болып үндемей шығып кете берипти. Усы болған аянды көрген мениң достым, жүреги ашынып, Америка халқы ушын өкинип жылаған.

Сиз көплеген жумысларға батып жүкленип қалғансызба? Сиз шадлы өмирге ийесиз бе? Егерде сиз Қудай менен бирликте ўақыт өткизиўге, Оған дуўа етиўге күнделик өмириңизде ўақыт таба алмай атырған болсаңыз – муғдардан тыс жүмыс пенен жүкленгенсиз. Ислериңиздиң көп муғдарда болыўына қарамастан сиз Қудайга деген азғана болса да ўақыт табың. Оған жүрегиңизди ашың. Себеби, бул өткинши өмир кейнимизде қалғанында, ҳәр бир инсан Қудай менен жүзбе-жүз ушырасады. Бирақ ол гезде Оның менен қарым-қатнас жасаўға кеш болады деп ойлайман. Әлбетте, буның менен сиз бейишке бара алмайсыз демекши емеспен, бирақ бул дуньяда жақсы өмир сүриўге имкәниятыңызды жоғалтып қойыўыңыз мүмкиншилиги ҳаққында сизди ескертип атырман.

Дым болмаса Қудайдын сизди сүйиўине руҳсат етиң – бул мениң сизге болған усынысым. Қудайдың алдында нәре-

стедей болың, уллы исенимге ҳәм күшке ерисиўге ҳәрекет етиң. Сизди Өз панасы астына алып, жарылқап берекетлеўге Қудайға имкәният жаратып бериң. Оның мухаддес руўхы арқалы жүрегиңизге тынышлық табың. Бирақ сиз Қудайдың сүўиспеншилигин қабылламай турып, басқа адамларды сүйе алмайсыз.

> «Бизлер Қудайдың бизлерге деген
> сүйиспеншилигин билемиз ҳәм оған исенемиз.
> Қудай – сүйиспеншилик. Ким де ким
> сүйиспеншилик пенен жасаса, ол Қудайға, Қудай
> да онда болады» (1 Юхан 4:16).

Таң азанда уйқыдан түрып сизди Қудай қаншелли сүйетуғынлығы ҳаққында бир неше минут болса да ойлап көргенсизбе? Гейпара уакытлары азаңғы уйқыдан кеўилсиз оянсақ биз ҳеш бир иске қол урыўды қалемеймиз. Сол ўақытлары рүўхыңызды көтериўиңиз ушын сиз дуўа етиң. Сонда руўхыңыз толысып, куниңиз табыслы өтеди.

Ҳәр күни азанғы уйқыдан ойанып, былай етип дуўа етиң: «Әке Сениң маған деген шексиз сүйиспеншилигин ушын миннетдарман. Ийсаны мениң гунәларым ушын қурбанлыққа жибергеның ушын ҳәм миннетдарман. Мени мухаддес Рүўхқа ҳәм күш-қўатқа толтырғаныңа үлкен рахмет, Әке. Мен қай жерде, қандай жағдайда болмасам да, Сениң жарылқаўын астында боламан. Әке, Сениң сүйиспеншилигин усы жерде, усы ўақытта мени аймалайды. Сен мени сүйесең! Мен Се-

ниң сүйикли перзентиңмен ҳәм көз-қарашығыңман. Пүткул дуньяны жаратыушы Қудай мени сүйеди!»

Усы дуўа етиў сөзлерин ақыл-ойыңызға сиңдириң. Мухаддес Китапта айтылғанындай, бизлердиң *«атымыз Қудайдың алақанларында жазылған» (Ийшая 49:16)*. Бизлерге нәзер салып, Қудай былай дегенин көз-алдыма келтиремен: «Мениң мына перзентиме бир қараң! Ол сондай әжайып емес пе? Мен оларды сондай жақсы көремен! Мен өзимнин перзентлеримди алақанымда асырайман». Бул аят Қудайдың сизге болған сүйиспеншилиги ҳәм Оның сиз бенен болған қарым-қатнасы ҳаққында мәнги гуалық.

Аспандағы Қудайға бәрқулла миннетдар болып, Оған сыйыныӊ. Оған усыныс етиң ҳәм Оны жүректен сүйиң.

> «Бизлер Қудайдың бизлерге деген
> сүйиспеншилигин билемиз ҳәм оған исенемиз.
> Қудай – сүйиспеншилик. Ким де ким
> сүйиспеншилик пенен жасаса, ол Қудайға,
> Қудай да онда болады. Солай етип, хүким
> шығарылатуғын қыйямет-қайым күнинде мәрт
> болыўымыз ушын, Қудайдың сүўиспеншилиги
> бизлерде кәмал табады. Өйкени бизлер бул дүньяда
> Масих сыяқлы боламыз» (1 Юхан 4:16,17).

Қудай сизди сүйеди, Оған исениң.

Егерде өмириңизде Қудайдың исенимин, шыпасын, абаданшылығын ҳәм қуўанышын қабыллаўды ҳәм гунәларыны-

зды жеңип өтиўди қәлесеңиз – онда Қудайға сизге деген сүйиспеншилик жаратыўына ҳәм Оның қоргаўын күшейтиўге имканият жаратып мүмкиншиликлер бериң. Гейпара адамлар «мен тек Қудайды сүйиўим керек» деп надурыс түсиникке ийе болады. Бирақ мениң ойым бойынша, адам биринши орында Қудайдың сүўиспеншилигине ийе болмай, я Қудайды болып, я өзгени сүйе алмайды.

Қудай менен бирликте ҳәр күниңизде ўақыт өткизип, Оның менен Дос болыўды қалеўиңизди айтып сораның. Егер буны қалай орынлаўды билмесеңиз, менин корсеткенимдей қылың. Мен де алдын-ала Оның менен қалайынша мүнәсебет қурыўымды билмейтуғун едим. Бир күни мен диванда отырып Қудайға: «ал, Қудайым, мен Сениң менен сөйлесиўге келдим», деп сөйлесе басладым. Ҳәммеси тап усындай әпиўайы болды. Ол ўақытта мен Қудай менен қалай етип қарым-қатнас қылыўымды билмеген едим, ҳәм Оның шексиз мухаббатынан хабырым да жоқ еди.

Сизге бир сораўым бар: Сизди жақсы көрмейтуғын адамға озиңиз сүўиспеншилигиңизди ҳәм ишки жыллы сезимлериңизди көрсете аласызба? Мен олай деп ойламайман. Сизди биреў жақтырмайтуғынын билсеңиз, оған жүрегиңизди ашып уялып қалыўдан қорқар едиңиз деп ойлайман. Әлбетте, бизди сүйетуғын ҳәм қабыл ететуғын адамларға жүрегимизди ашыўға тартынбаймыз. Мысалы, басқа адамларға қарағанда мен күйеўим менен өзимди еркинирек сеземен, себеби мен, оның маған деген мухаббатын барлыгына анык исенемен.

Ийемиз бенен де сондай мүнәсебеттемиз.

Бүгин сиз Қудайға қарап биринши қадеминизди баслаң! Оган сизлер менен кандай карым катнас жасаўды уйретиўине мумкиншилик туўдырып берин.

Қудай сизди сүйеди!

# 4
# Сүйиспеншилик ҳәм исеним

*«Ийса Масихқа исенетуғынлар ушын сүннетлениўдиң де, сүннетленбеўдиң де ҳеш қандай әхмийети жоқ. Тек сүўиспеншилик пенен ҳәрекет еткен исеним ғана әхмийетли»*

– ГАЛАТЛАРҒА 5:6

Көпшилик адамлар исенимге ийе болыўы ушын көп ўақыт ҳәм күш сарыплайды. Мухаддес Китапта: *«Исеним болмаса Қудайға унаў мүмкин емес» (Еврейлерға 11:6)* - деп жазылғаныдай, адамлар бекккем исенимде болыўға тырысады. Бирақ исеним тек-ғана жүректе, Қудай менен қарым-қатнас қылғаннан соң пайда болады. Әлбетте, мен сизди қалай қылып исенимге ийе болыўды уйрете алмайман, бирақ исеним принциплары ҳаққында сизлер менен бөлисип, жүрегиңизде исенимге болған күшли қалеўди оятыўға ҳәрекет етемен. Исеним Қудайға деген аян арқалы ояна келеди.

Өзиңиздиң күшиңиз бенен Қудайға жағыныўға бийкар ҳәрекет етпең. Оның менен жеке қарым-қатнас қылыўға көбирек ўақыт ажыратың, ҳәм Оған жүрегиңизди ашың. Күн даўамында сизди жаңа күш, сүйиспеншилик ҳәм инаят пенен толтырыўына Қудайға қарсылық қылмаң.

*«Өйткени бизлер көзге көринетуғын нәрселерге емес, ал исенимимизге сүйенип жасаймыз» (2 Кор 5:7)*

Мухаддес Китапты оқып отырып, усы аятқа дус келгенимде, Қудай маған көп зәрүрли ҳақыйқатларды ашып баслады. Исеним менен жасаў ҳәр күни не қылмасам да, қай жерде болмасам да, бәрқулла исеним арқалы жол тутыў деген мәнисине ийе. Бул нени аңлатады? Исеним дегени Қудайдың бизге болған сүйиспеншилигинен ҳәм Оның ўаделеринен гуманланбаўды аңлатады. Адамның Қудай менен қарым-қатнасының дурыслығына қаншелли исенсе, соншелли оның Қудайға болған исеними артып бара береди. Өзин әдилсиз, пайдасыз, я болмаса ылайықсыз деп ойлайтуғын адам, Қудайдың оны ҳақыйқаттан да сүйетуғынына толық исеним күшине ерисе алмайды. Адам өзин Ийса Масих арқалы ақлап, ҳәм Қудайдың мухаббатына ылайық болғанлығын қабыл етпесе, Ийсада кимлигин түсинбесе, ол исеним менен жасай алмайды.

Исеним сүйиспеншилик пенен биргеликте ис-ҳәрекет қылады (Галатлаға 5:7). Бирақ буны көпшилик адамлар надурыс түсинетуғынын Қудай маған аян етип берди. Көбинесе адамлар оны былай деп түсинеди: «егерде мениң исенимим

арқалы көп нәрселерге ериспекши болсам, мен басқа инсанларды да жақсы көриўим тийис» деп қате ойға барады екен. Бул айтылған аяттың мәниси төмендегиден ибарат: Қудайдың сүйиспеншилигине түсинип жеткениңизде ғана, исеним күшке ийе болады. Туўры мәнисли исеним сүйиспеншилик пенен бирге ҳәрекет етеди, бирақ бул тәризде адамның өзгелерден сулыў қабилети ҳаққында гәп жүрмейди. Сизиң исенимиңиз күшке толып, тәсирли болыўы ушын биринши орында Қудайдың сүйиспеншилигин қабыллаўыңыз тийис.

Булл сөзлердиң мәнисине тусинип жеттиниз бе? Бизлер Қудай менен бирге болып, Оған сүйенсек – күшли исенимге ҳәм иманға ийе боламыз. Усы менен бир қатарда, биреўдиң бизге деген жақсылық нийетин сезбесек я көрмесек оған өзимизде исене алмаймыз. Солай емес пе? Қудайдын сизди жақсы көретуғынын түсинип сезбесениз, өзиңизди Оған толық тапсыра алмайсыз. Егерде Қудайдың сүйиспеншилигине гумәнланбасаңыз, Оған толығы менен исенсеңиз, өмириңиздеги турмыс машқалаларынан, дене ҳәм руўхыңызға шыпа алыў, болмаса сизди қыйнап атырған финанс машқалаларынын азат боласыз.

Қудай адамзатты кең мәнисте жарылқаўды қалейди. Бирақ адамлар гуманланыў арқалы сол жарылқаўдан айрылып қалады. «Мен Оның жарылқаўын қабыл етеўди қалеймен, бирақ қалай етип қабыллайман?» - деп сорарсыз сизлер. Билиңлер, Қудайдың сүйиспеншилиги сизиң жүрегиңизде әлле қашан жайласқан. Тек-ғана сиз оны танып ҳәм қолллланып билиўиңиз зәрүр. Мухаддес Китапта былай жазылған: «Бизлер бир-бири-

мизди сүйемиз, өйткени дәслеп Қудай бизлерди сүйди». Егерде Қудайдың бизге болған дәслепки мухаббатына ерискен болмағанымызда, адамзат Қудайды жақсы көре-алмас еди.

Қудайдың сүйиспеншилиги әлле қашан жүрегимиздиң төринде жайласқан, илтимас, буннан гумәнланбаң! Қудай сизди сүйеди! Сиз Оның әжайып ҳәм сайланган перзентисиз! Қудай сизди қатты жақсы көреди. Дүньяда сизди ҳеш ким Қудай жақсы көргениндей, жақсы коре алмайды.

Сизди сүйетуғын ата-анаңыз, ямаса өмир-жолдасыңыз болмасада – Қудай олардың орнын баса алады. Билесизбе, адам ушын Қудайдың карым қатнасы жоқарғы дәрежеде жеткиликли. Бирақ, Кудай бизлердин басқа адамлар менен жаксы қатнасықта болыўымызды қалейди. Соның ушында, Кудай бизлерди қарым-қатнас ҳәм бир биримизге сүйиспеншилик көрсетиўимиз ушын жаратқан.

Қудай сизди жарылкайды ҳәм жаксы кореди. Кудай бизлерге деген исенимимизге садык. Қудай күши арқалы қандайда бир нәрсеге ериспекши болсаңыз – сиз шын исенимге толыўыңыз керек.

Қудайға сизди жақсы көриўге рухсат берсеңиз ғана сизиң исенимиңиз иске ерисе алады. Сизиң исенимиңиздиң күши өзгени жақсы кориў қабилетиңизге байланыслы емес. Кудайдың сүйиспеншилигине ерсикеннен соң, сизиң исенимиңиз артып, күшке тола баслайды. Қудайдан сизди сүйиўге рухсат етиң! Жүрегиңиздиң төринен Оған деген миннетдаршылық сөзлериңизди билдириң: «Ийем, Сен адамзатты сүйетуғуныңды мен

билемен. Аллилуйя! Саған алғыслар болсын!».

Смит Вигглсворт деген Қудайға садық адам болған екен. Оннан «сиз күн даўамында дуўа етиўге көп ўақыт ажыратасызба?» деп сорағанында, ол - «мен хәр күни, ярым сааттан көп дуўа етпеймен. Бирақ, дуўасыз ярым саатан көп жүрмегенмен» - деп жуўап берипти. Ол Қудайға хәтте онбес минут дуўа етпеген күнлери, ол қайта-қайта тәўбе ететуғынын сезипти.

Бизлер қандайда бир ислерди баслаўға хәрекет етемиз бирақ, гейпара ўақытлары надурыс нәрседен баслаймыз. Адам тек ғана өзиниң ислери менен Қудайға жағыналмайды. Ол бизди сүйгенликтен жарылқайды, хәм Оның сыйларын биз қутқарылыўды бийпул қабыл еткендей, бийпул қабыл етемиз. Мысалы, сизиң шаңарақ ағзаларының бирин Қудай алдына қутқарылыў ушын әкелиўге сизиң харекетиниздиң кереги болмайды. Бирақ сол туўысқаныңызға деген шын сүйиспеншиликти, мийримлиликти хәм оған жүрегиңизди ашыўыныз зәрүр. Жақыныңызды Қудай менен тыныстырмақшы болсаңыз, оған ўайызлық етиўдиң орнына – Қудайдың сүйиспеншилигин көрсетиң. Сизиң көрсеткен сүйиспеншилигиңиз арқалы Мухаддес Рүўхтың өзи ол адамның жүрегине сөйлеп тәсир өткереди. Булл ушын, алдын сиз өзиңиз Қудайдың мухаббатына толы болыўыңыз тийис.

Мухаддес китапта былай жазылған: *«Сизлер исенимиңиз арқалы Қудайдың мийрими менен қутқарылдыңыз» (Ефесликке 2:8).* Биз қутқарылуымыз ушын хеш нәрсе ислемедик, хәм соның менен бирге, Ийса дуньяға келмесинен алдын бизиң жағдайымыз ашынарлы дәрежеде еди. Бизлердиң гүна-

лардан қутқарылыўымыз өзимиздиң жақсы ислеримиз, я болмаса туўры жоллы ҳәм әдил адам болғанлығымызға байланыслы емес. Тек-ғана бир нәрсе себепли гүналарымыздан қутқарылыўға ийе бола аламыз, ҳәм ол *Юхан 3:16* жазылған: *«Себеби Қудай бул дүньяны соншелли сүйгенликтен, Өзиниң жалғыз Улын жиберди. Оның Улына исенген ҳәр бир адам набыт болмай, мәңгилик өмирге ийе болады».*

Ал Қудайдың мийрими болса, бизлердиң ҳәр бир мүтәжлигимизге деген жуўабы. Оның мийрими себепли биз исенимге ийе боламыз, бул исеним бизди қутқарылыўға жетелейди. Қудайға болған шын жүрегиңиздеги исенимиңиз арқалы сиз Ийсаны өзиңизге шыпакер ҳәм тәмийинлеўшиңиз сыпатында қабыл ете аласыз.

Қудайдан келген исеним арқалы, сизди гүнаңыздан ҳәм қорқынышлардан басқада өмириңизде ушырасатуғын машқалалардан да сизди азат етиў күшине ийе боласыз. Қудай сизди сүйеди, Оған сиз пүткил өмириңизди исенип тапсырыўыңыз мүмкин. Ол сизди ҳеш қашан таслап кетпейди, жалган сөйлемейди.

Мухаддес Китаптың толық аўдармасында исеним туўралы мынадай түсиник берилген: «исеним – бул өзиңизди Қудайдың күшине, даналығына ҳәм мийримлигине толығы менен тапсырыў дегени. *«Себеби сизлердиң Масих Ийсаға деген исенимиңиз ҳәм пүткил исениўшилерге деген сүйиспеншилигиңиз ҳаққында еситтик» (Колосалыларға 1:4).* Солай етип, Қудайды сүйип, Оның менен жеке қарым-қатнаста болсаңыз, сиз күшли исенимге ийе бола аласыз.

Қудай сизди сүйеди!

# 5
# Қорқыныштан азат болыў

*«Сүйиспеншиликте қорқыў жоқ. Керисинше, миңсиз сүйиспеншилик қорқыўды қуўып шығарады. Себеби қорқыў жаза менен байланыслы болады. Қорқатуғын адам сүйиспеншиликте миңсизликке ериспеген».*

– 1 ЮХАН 4:18

Сизиң Руўхый өмириңизде бәрше нәрсе жақсы ҳәм тыныш ўақтында, исенимде турақлы болып, Қудайдың сүйиспеншилигинен гуманланбай, тек ғана Оған исенип жүргениңизге қарамастан өмириңизде тосаттан бир унамсыз нарселер болып қалама?

Өмиримизде ушырасатуғын унамсыз ҳәдийселер бул, исенимизден айыратуғын ең күшли урылар болып есапланады. Адамның өмиринде жаман ўақыялар, ҳәдийселер жүз берген ўақытта, ол алдын ала Кудайдың сүйиспеншилигине исенген болсада, оннан гуманлана баслайды.

Соннан кейин бизлерди Қудайдың мийрим-шапаатынан және де узақластырыў режесинде шайтан өз қорқыныш ҳәм айыплаўлары менен басым етиўди баслайды: - «Ҳе, жағдайларың қалай енди? Қудай сени жақсы көреди деп ойлап жүр един. Бирақ өзиңе бир қара, батпаққа батып атырсаң-ғо! Сен жаман ис қылып қойдың ба деймен-я?! Енди Қудай сеннен ренжип қалғанға уқсайды». Усындай ўақытларда биз Қудай таманға жүгирип, Онда беккем турыўдың орнына, Қудайға деген исенимимиз кемейип, Оның даўысын еситпей қаламыз. Егерде Қудайдың сизге болған сүйиспеншилгине гуманлансаңыз, сиз исенимиңизди жоғалтып аласыз ҳәм шайтанның қорқыныш ҳәм айыплаў нәзерине айланасыз.

*«Сүйиспеншиликте қорқыў жоқ...»* бул әжайып хакыйкатлық емес пе? Мен усы аятты түсинбей, ол ҳаққында көп ойланып жүрдим. Ақыры, Қудай оны маған аян етип берди. Миңсиз сүйиспеншилик қорқыўды қуўып шығарады, ҳәм Қудай усы сүйиспеншиликтиң өзи. Қудайдың бизге болған сүйиспеншилигине толық исенсек бул өмирде бизди ҳеш нәрсе қорқыта алмайды. Қудай менен бирге болсаңыз, Оның сүйиспеншилигин қабыл етсеңиз, сиз ҳеш нәрседен қорықпайсыз. Қудай сизди сүйетуғынын билсеңиз басқа адамлардың сиз ҳаққыңыздағы пикирлери, ямаса алдыңыздан шығатуғын қыйыншылықлардан қулаў сизди шоршытпайды. Қулап кетсеңизде, өзиңиздиң күшиңизге емес, ал Қудайға исенсеңиз - Ол сизди бәрқулла аяққа котереди. Себеби Ол сизди сүйеди.

Қудайдың сүйиспеншилиги соншелли уллы, ол бизиң аяк

ушымыздан басымызға шекем жарылкайды. Сизди шын сүйгенликтен Өзин қурбан етип, азат етиўши Қудай, сизди ҳүким етеди деп ойлайсызба? Ҳүким етиўши бул тек-ғана шайтан. Ол жалғанлары менен адамды умитсизликке алып келиўге ҳәрекет етеди. Егерде Қудай сизлердиң надурыс ислеринизди ашкара қылып берсе, Ол булл servлерден шығы тазаланыў жолларын да көрсетеди.

*«Сүйиспеншиликте қорқыў жоқ. Керисинше,*
*миңсиз сүйиспеншилик қорқыўды қуўып шығарады.*
*Себеби қорқыў жаза менен байланыслы болады.*
*Қорқатуғын адам сүйиспеншиликте миңсизликке*
*ериспеген» (1 Юхан 4:18).*

Бул аяттың тийкарғы мәнисин гейпара адамлар надурыс түсинеди: егерде биреўди жақсы көрсем, мен оннан қорықпайман, ҳәмде басқа биреў мени жақсы көрсе – ол меннен қорықпайды» - деп ойлайды. Негизинде, бул аят «Қудайға мени жақсы көриўге жол ашып берсем, мен ҳәш нәрседен қорықпайман» деген мәниске ийе. Соның ушында, Қудайдан қашпаң, себеби Ол сизди ҳәмме қорқынышларыңыздан азат болыўыңызды қалейди. Онынң сүйиспеншилигин шын исеним менен жүрегиңизге қабыл етиң. Буны ертеңге қалдырмаң, себеби ертең не болатуғынын билмейсиз.

Қорқынышты Қудай аркалы куўып шығатуғынын түсинип аян аркалы көзим ашылғанында, дәрхал оны өмиримде қолланыўға киристим.

Бир күнлери бизлердиң машинамыз бузылыўды баслады. Оны оңлаў ушын сол ўақытта $500 аслам пул талап етилди ҳәм биз ондай үлкен муғдардағы пулды толеўге шамамыз жетпес еди. Сонлықтан оның бузылыўына қарамастан оны айдап жүре бердик. Бир күни азанда Қудай маған былай деди: «Джойс, Мениң сүйиспеншилигим менен толып жүриўиңди қалеймен. Баған ерисиўиң ушын сен ҳәш нәрсе ислеўиң керек емес, тек-ғана Мениң сүйиспеншилигимди усы күни қабыл етип ҳәм өзиң басқаларға сүйиспеншиликли болыўың жетерли. Мениң сүйиспеншилигимди ҳәм мийримимди жүрегиңе қабыл ет» - деди. Сөйтип, сол күни мен Қудай алдында қуўанышлы ҳәм сүйиспеншиликли болыўға үәде еттим. Күни бойы мен Қудайға мақтаў қосықларын ҳәм алғыслар айтып жүрдим.

Мениң турмыс ортағым, Дейв, азанда жумысқа кеткен еди, бирақ көп ўақыт өтпестен ол қайтып келди. Қапыдан кире сала ол маған: «Бул машинада мен жумысқа жете алмадым, узаққа бармастан ол бузылып қалды» - деди. Әдетте, жаман хабар еситкенимде, мен ашыўға минип капа болып қалатуғын едим. Бирақ сол күни капа болыўдың орнына мен қатты күлип жибердим. Жүрегимде үлкен қуаныш оянғанынан жүрегим қатты соғыўды баслады.

Қудай маған жақсы көриўге мүмкиншилик бергени себепли, азаннан баслап Оның қуўанышы ҳәм тынышлығы мениң жанымда бирге болып, капа болыўға жол қоймады. Қудайға өзимизди сүйиўге имкан жаратып берсек, сол ўакыттын өзинде жүрегимиз шын исеним ушын ашылады. Солай етип, ма-

шинамыз ҳаққында болған қуўанышлы ўақыя күлки менең исенимимниң көриниси болды. Мухаддес Китапта жазылғанындай, Қудайдың досты Ибраийм де «исеним күлкисине» ийе болған екен. Қудай Ибраиймниң көзине көринип, оған көп жыллар күткен ул перзентин ўадә еткен. Ибраийм болса, булл хабарды еситкенде «О Қудай, бул қандай әжайып! Мен Сениң сөзлериңе ҳәм ўадәлериңе исенемен!» - деп жуўап қайтарған еди. Ал оның ҳаялы Сара болса, Қудайдың ўадәсине исенбей, гуманланып күлипти. Соның ушын да Қудай Сараны ескертти, бирақ Ибраиймның исенимин көрип, оны көтермеледи.

Сизде Қудайдың «исеним күлкиси» менен, шайтанның топылысларына қарсы турыўыңыз тийисли. Егер адам Қудай менен бирге болса, шайтанның қорқытыў ушын қолланатуғын ҳәрекетлери бизге ақылсыз, ҳәм күлкили болып көринеди.

Қудай сизди сүйеди ҳәм жаманлықлардан қорғайды. Буны есиңизден шығармаң.

Мен машина ҳаққында күлгенимде Қудай маған тыныш, жубатыўшы даўысы менен сөйледи, бирақ бул қатты күшли аян болды. «Джойс, егерде сен сонлықтан Мениң сүйиспеншилигим менен ҳәр күни жасасаң – сениң кеўлиңди ҳеш қашан ренжитпеймен деп ўадә етемен» - деди.

Қудайға болған исенимиңиз ҳеш ўақытта таўсылмасын. Қудайдың сүйиспеншилигин ҳәр бир күнделик өмириңизде қолланың. Сонда Оған болған исенимиңиз күннен күнге артады. Исенимиңиз арқалы Қудай өмириңизди әжайып жа-

рылқаўлар менен толтыра баслайды. Ал Қудайдың сүйиспеншилиги болса, жүрегиңиздеги ҳәр бир қорқыныштан азат етип тазалайды.

Қудай сизди сүйеди!

# 6
# «Бериўши мухаббат» - бул жарылқаўшы суйиспеншилик

*«Қудайды сүйетуғын адам өз туўысқанын да сүйиўи тийис», - деген буйрықты бизлер Масихтан алғанбыз»*

– 1 ЮХАН 4:21

*«Өйткени сизлер Қудайыңыз Жаратқан Ийениң мухаддес халқысыз. Жер жүзиндеги барлық халықлардың арасынан Ол сизлерди Өз ғәзийнеси сыпатында таңлап алды» (Низам 7:6).* Сиз Қудайдың сүйикли ҳәм таңланған перзентисиз. Бул дүньяда сизге уқсайтуғын басқа адам жоқ. Егер сиз усы түсиник бойынша жасасаңыз, сизиң дуньяға деген көз-қарасыңыздың өзгергенин сезесиз. Ҳәтте дуканға да барып: «бул жер мен арқалы жарылқанады» деп исеним менен айтсаңыз, сондай болады.

Өзиңиздиң Қудай себепли айрықша екенлигиңизди билип ҳәм Қудайдың сүйкимли перзентине сайкес ҳәрекет етсеңиз, Ийса ушын пүткил дүньяны да жеңип аласыз. Себеби Қудайдың сүйиспеншилиги оттың ҳәўири сыяқлы таралады. Сиз Ийса ҳәм Оның сүйиспеншилиги, мийрим-шапааты ҳаққында тек-ғана аўызыңыз бенен жәриялап, лейкин күнделик өмириңизде ашыўланып, қапа болып жасасаңыз – Ийсаның жүрегин адамларға туўры көрсете алатуғыныңызға көзим жетпейди. Гейпара адамлар «мен Масихийман, мен исениўшимен» деп аўызы менен жариялайды. Бирақ оның жол алдында басқа бир машина турып қалса оған қарай, «эй, сен чайник сен бе? Жолдан шықса! Мен шеркеўге кешигип баратырман!» - деп бақырады. Бундай ўақыялар Сизге таныс-па?

Сиз бәрҳәма табыслы болыўды қәлейсиз бе? Мен сизге буның сырын ашып беремен. Шайтанның жалғанына қарсы турып, былай деўиңиз керек: «шайтан, мен сениң жалғанларыңа көп жыллар даўамында исенип жасадым. Бирақ мен енди сеннен қорықпайман. Енди мен Ийсаның аты менен ҳәмме гүналарымнан азат болдым. Енди мен Қудайдың таңланған ҳәм Ол ушын қымбатлы екенлигимди анық билемен. Ийем мени қул емес, сүйикли перзенти сыпатында Өзиниң шаңарағына қабыл етти. Соның ушын да, мениң өмиримнен қолларыңды тарт!».

Сизиң жүрегиңизде әлле қашан жайласқан Қудайдың сүйиспеншилигин, мийримин басқа адамлар мене бөлисиўге тартынбаң. Себеби сиз енди ҳәр қандай қорқыныштан азатсыз. *«Сизлерге шынын, ҳақыйқатын айтаман: Маған исенген*

*адамның өзи де Мен ислеген ислерди ислейди, ҳәтте, олардан да үлкенирек ислерди ислейди. Себеби Мен Әкеме баратырман» (Юхан 14:12).*

Қудайдың сөзлерине қулақ салыңлар, Ол ҳақыйқаттан да сиз арқалы әжайып ислерди қылмақшы. Шын исеним арқалы көп жарылқаўларға ийе болатуғыныңызды умытпаң, ҳәм адамлар менен жақсы қарым-қатнас дүзиўге, оларға Ийсаның көзи менен қараўға тырысың.

Мен Ийсаны танығанымнан берли, Қудай мениң өмиримде әжайып кудиретли ислерди иследи. «Джойс, қорықпай алға карай адымыңды ат. Мен сениң менен биргемен!» деп Қудай мени умитлендирди. Қудай ўәде еткениндей, усы күнге шекем мени Ол қоллап қўатлап жетелеп жүр. Мен буны бәрқулла сеземен.

Мен не ушын сәтсизликке ушыраўдан корыкпайман, билесизбе? Себеби, Қудай мени сүйеди ҳәм Ол мениң менен бирге! Оның мийрими болмағанында, мен өмиримди Оған толық тапсыра алмас едим. Ийсаны мен жүдә жақсы көремен, ҳәм Оннан мен шексиз миннетдарман. Егер сиз де өмириңизди Оның қолларына исенип тапсырсаңыз, Оның сүйиспеншилигине жуўап қайтарсаңыз – бул дүньяда шешилмейтуғын машқаланың өзи болмайды.

*«Масихтың сүйиспеншилигинен бизлерди ким айыра алады? Ҳеш ким. Қыйыншылық та, қайғы да, қуўдалаў да, ашлық та, жалаңашлық та, қәўип те, қылыш та айыра алмайды. Мухаддес Жазыўда айтылғандай:*

*«Бизлер Сениң ушын ҳәр куни өлтирелмектемиз, Бизлерди шалынатуғын қойлар деп есаплйды».*

> *Бирақ, булардың ҳәммесиниң үстинен бизлерди сүйетуғын Масих себепли үлкен жеңискеерисемиз. Өйткени мен исенемен: өлим де, өмир де, периштелер де, ҳәкимшиликлер де, ҳәзирги ҳәм келешек заман да, күшлер де, бәлентлик те, тереңлик те, улыўма, жаратылған ҳәш бир нәрсе Қудайдың бизлерге Ийемиз Масих Ийса арқалы берген суйиспеншилигинен бизлерди айыра алмайды» (Рим 8:35-39).*

Енди сиз гүнадан ҳәм жалғанлардан азат болыўыңызды, Қудай қаншелли қәлейтуғынын билсеңиз. Сиз бахытсыз болсаңыз Оның жүреги ашынады. Бир ўақытлары биз соншелли ашыўға минип, алдымызда ҳәмме нәрсе жаман болып көринер еди: уйимиздеги жанўарды тебемиз, балаларымызға даўысымызды көтерип бақырамыз, қоңсыларымызды жек көре баслаймыз. Ал өзиңизге келгенде былай деп ашыўға миним миллет етемиз: «Мен күни менен мийнет ислеп, ақша табаман, бирақ буны ҳеш ким мақулламайды!». Бундай сөзлер маған жүдә таныс. Балаларым оқыўдан келип уйде жүргенинде оларға қарай «жети сааттың орнына, он төрт саат мектепте қалсаңыз болмаспа еди?» - деп жаман ойға барған күнлерим де болар еди.

Булардың бәри Қудайдың жүрегине аўыр бататуғынын

билесизбе? Әлбетте, мен сизди өкиндирмекши емеспен. Қудайдың сүйиспеншилигине ийе болўымыздың қаншелли зәрүрлигин көриўиңизди қалеймен. Себеби, егер де Оның сүйиспеншилигин биз кабыл етпесек, жақынларымызға да сүйиспеншилик корсете алмаймыз. Буннан тысқары, Мухаддес Китапта жазылғанындай: «Адам не ексе, соны орып алады». Соның ушында жақынларымызға мийримлиликти ексек, мийримликти орып аламыз.

Қудай менен бирге болың. Сонда сиз аўырыўларыңызға шыпа табасыз, ислериңиз жүрисип табыслы болады, жетиспеўшиликлериңиз дин де орны толтырылады. Ең қадирли ҳәм бийбахалығы – сиз жүрегиңизге тынышлық таба аласыз. Жүрегиңиздеги тынышлықтың жоқлығы, бул Қудайдың даўысын есите алмай, Оның сизге арнаған жарылқаўларына жетисе алмайтуынларыңыздың бирден-бир себеплери болып табылады. Ҳәр биримиздиң күнделик өмиримиз арасында шаўқымлар ҳәм жанжеллер толып кеткен гезлери, Қудайдан узакласыў пайда бола баслайды. Соның ушын да абайлаңлар, Қудайды ҳеш ўақытта есиңизден шыгармай, оның ўайызлығы менен жасаңлар. Сонда ғана Қудайдың ўәде еткен байлығына ийе боласызлар.

Сизиң жүрегиңиз Қудайдың сүйиспеншилигине толып-тасып атырса, шайтан сиз таманға қарай ҳәттеки жақын да келе алмайды. Қудайдың сүйиспеншилиги бизлерди жарылкаўшы болыўға итермелейди. Бундай сүйиспеншиликке тола адамның қоллары да ашық болады.

> *«Өйткени сизлер Қудайыңыз Жаратқан Ийениң мухаддес халқысыз. Жер жүзиндеги барлық халықлардың арасынан Ол сизлерди Өз ғәзийнеси сыпатында таңлап алды» (Низам 7:6).*

Бәлким, сиз ҳәзирги ўақытта тек уйиңизге, шаңарағыңызға, ҳәм бала-шағаларыңызға хызмет етип атырған шығарсыз. Солай болса да, бир нәрсени умытпаң - Қудай сизди оннан да үлкенирек ҳәм уллы мақсеттлерди орынлаў ушын жаратқан. Егерде Қудай хақыйқатындада сиз арқалы әжайып ислерди корсетиўин қалесеңиз, бул Оның қолынан келеди. Бирақ бул ислердиң тийкарында Қудайдың сүйиспеншилиги болыўы керек.

Руўхый күшиңизди бийкар сарыпламаң. Руухый күшиңизди тек ғана өзиңиздиң кемшилигиңизди сапластырып толтырыуға бийкарға жоқ қылмаң. Қандай жетиспеўшиликлериңиз болса, оларды Кудайга айтың. Дуўаңызға жуўап күте отырып, басқа адамларға озиниздиң қоллыңыздан келетуғын жәрдәмиңзди келтириң. Усылайынша сизиң исенимиңиз күннен-күнге өсип бара береди.

Ийсаны өмирин еске алыңлар, Ол Қудай-Әкеге дуўа етпей турып, Оның менен сөйлеспей турып адамларға жәрдәм бериўге бармаған. Бирақ, Қудайға дуўа етип, ораза тутып, Руўҳқа толып Ийса шыпа сораўшыларға шыпа берген, Қудайдың сөзлери менен бөлисип көп түрли ғайратландыратуғын ислер жасаған. Ийса ҳеш қашан бир мүйишке тығылып «Қудай маған сораганымды беретуғын шығар» деп гуманланып

отырмаған. Әлбетте, сиз жүрегиңиздин қалеўин Қудайға ашып берип, алатуғыныңызды билесиз. Лейкин бул өмириңиздиң жалғыз мазмуны емес. Өмириңиздиң тийкарғы мазмуны жақынларыңызға Ийсаның сүйиспеншилигин көрсетиў, қыйын ўақытларда оларға жәрдем бериўден ибарат.

Адамлардың өмир даўамында пайда ететуғын жетиспеўшиликлерине ҳәм мүтәжликлерине жәрдем бериў сизиң өмириңизде улкен табыска, гуллениўге алып келеди. Басқалардың қәлеўин озиниздиң қалеўиңизден үстин қойыуңызға сизди Қудайдың Өзи қоллап қуўатлайды. Қудайдың сүйиспеншилиги ҳәттеки соған ылайық болмаган, шүкиршилиги жок ҳәм урысқақ жәнжелпаз адамларды да сүйиуге батыллық береди. Сизге жақсылық тилейтуғын ҳәм сиз бенен мийримли болған адамларды жақсы көриў аңсат, бунын ушын сиз көп күш сарыплаўыңыздың кажети жоқ. Булл нәрсе ҳәмрениң қолынан келеди. Бирақта сүйиспеншиликке ылайықсыз адамды сүйиў қыйын. Оның ушын адамға даналық, сабырлық, ишки күшқуўат ҳәм тырысқақлық зәрүр. Олар өзлерин қандай қылып тутыўына қарамастан биз мийримли, сүйиспеншиликли болыўды тоқтатпаўмыз керек. Тек сонда ғана Қудайдың азат етиўши күши жеңип шығады, сол адамларды өзгертеди ҳәм жарықлыққа алып келеди. Мүмкин, бул ҳәрекетлер бир я болмаса бес, ямаса жигирмабес жылма, биз билмеймиз. Бирақ бул ислер бизлерден сабырлық ҳәм шыдамлық пенен күтиўимизге ылайық. Ийса сизди қанша ўақыт даўамында күткен?

Ийса әтырапымыздағы ҳәр бир инсанды, олардың исе-

ниўши я болмаса исенбеўши болғанына қарамастан жақсы көреди. Ийса сизди сүйеди, ҳәм сиз арқалы пүткил дүньяға усы сыяқлы сүйиспеншиликти жариялаўды қәлейди. Буннан тысқары да Ийса бизге сүйиў қәбилетин де берген. Соның ушын адамларға сўйиспеншилик көрсетиўди сиз ҳеш қашан тоқтатпаң. Адамлар менен тереңирек ҳәм тығыс байланыста дос болып, қарым-қатнас қылыўдан баслаң, олар ушын өзгеше жарылқаў болың. Бул сизиң ең үлкен ғамҳорлығыңыз болсын. Қоңсыларыңызды уйиңизге қонаққа шақырың, олар менен көбирек жақсы ўақыт өткизиң, көбирек күлип қуўанышта болың. Қудай сизди қолланыўды қәлейди. Себеби, сизиң қолыңыздан келетуғын нәрсени, басқа ҳеш ким орынлай алмайды. Гейпара адамлар тек ғана сиз арқалы Қудайды таныўы мүмкин. Сонын ушында Кудайдан соранатуғыныңыздың бири - дурыс жолды көрсетеўин ҳәм даналық бериўин сораң. Ол сизиң дуўаңызға әлбетте жуўап қайтарады!

Қудай сизди сүйеди!

# 7
# Қудайдың сүиспеншилиги сизди өзгертеди

*«Мине, сүйиспеншилик – усы: бизлер Қудайды емес, ал Қудай бизлерди сүйип, Өз Улын бизлердиң гүналарымыздың кеширилиўи ушын қурбанлық қылып жиберди».*

– 1 ЮХАН 4:10

Көплеген исениўшилер Қудайдың оларға болған сүйиспеншилигин толық хәм терең түсинбеген. Оның мухаббаты себепли бизлер қаншелли тез өзгерип дана хәм руўхий көз-қарасымыз бай болўын Мухаддес Китабы арқалы аян қылған еди. Қудайдың сизге болған сүйиспеншилиги ҳаққында көп ой жүргизиң, себеби бул ойлар сизди өзгерттиреди. Қудайдың сүйиспеншилиги сизге жаңа ой-пикирлерди ашып берип, өзиңизди жақсы көриўге жәрдем береди.

Сизди биреў жақсы көретуғынын билсеңиз өзиңизди бахалы хәм керекли екенлигиңизди сезесиз бе? Биреўге сүйкимли болыў сизди қыйнайды деп ойламайман. Сондада көп адамлар өзлерин жек көреди. Және олар өзлерине байланыслы болған хәмме нәрсени жек көреди, себеби олар Ийсада жаңа хәм пәк жаратылыс екенлигин еле түсинбейди. Сонлықтанда өзлериниң ески болған ишки руўхый тәбияты менен бәрхә гүреседи. Өзиңизди жек көрсениз, Қудайдын алдында ким екенинизди дурыс тусинбегениңизше, сиз Оның жанында бийбаха екенлигиңизди түсинип жетпегениңизше сиз ххеш қашан Қудайдың сүйикли перзентиндей батыл хәм күшли бола алмайсыз. Себеби Мухаддес Китапта жазылған: *«Ол жеген хәр бир нәрсеңди есаплап турар, «Иш, же», - дер саған, бирақ жүреги буны қалемес» (Хикметлер 23:7).* Жаратыўшы сизди сүйетуғунлығы хаққында аян уллы күшке ийе. Қудай сиз бенен хәр күни қарым-қатнас жасаўды ҳәрекет етеди. Бул бийбаха байланыс сизиң ески әдетлериңизди өзгертеди. Егер де Қудайдың орны сизиң қәлбиңизде уллы хәм мийримли болмаса, өмириңизде болатуғын қудретли ислерден озиңизди шетлетесиз. Қудай менен бирге хәр күни дуўа қылыўда ўақыт өткизиўге, Оның Мухаддес Руўхына толыўға хәрекет етиң. Ақыбетинде усындай етип сизиң Рүўхыңыз кең азықланып өшпес күшке ийе болады.

Бирақ көпшилик адамлар буны орынлаўға еринип, №удай менен бирге болыўдан қашып узақласады. Олар ушын өзге биреўлер буны орынлап бергенин қәлейди. Адамлар, өзиңизге әпиў етпең! Бәлким, сиз Қудай менен қарым-қатнас қыл-

мағанлықтан өзиңизди айыпдар сезип атырған шығарсыз. Бир нәрсени билип түсиниң, сизиң Қудай менен байланыста болыўға жол қоймаў ушын шайтан хәмме нәрсеге таяр. Қудай менен ўақытыңызды бийкарға өткерип сарплаўыңыз зәрүр емес деп алдаўға, түрли себеплер тоқыйды. Соның ушында сиз бәрхулла Қудайдың даўысын еситип сезиўге дыққат хәм сергек болыңлар. Мухаддес Китапты оқып, Оның сөзлерин жүрегиңизде сақлаң, сонда сиз жаңалаңған адам боласыз. Мухаддес Китапта былай жазылған: *«Маған күш-қуўат беретуғын Ийса Масих пенен бирге ҳәмме нәрсени ислей аламан» (Филиплилерге 4:13).* Бул дуньяда Ийса Масихтың қолынан келмейтуғын ҳеш бир нәрсе жоқ.

Егер Кудай сизиң қате исиңизди ашкаралап берсе, сиз оны кишипейиллик пенен қабыллаң ҳәм оны дурыслаўға ҳәрекет етин. Өйткени Ийса әлле қашан дуньядағы ҳәр бир гүнәны атанақ ағашта жеңген. Қудайдың сүйиспеншилигин қабыл етип, шайтанның жалганларынан бас тартың, сонда сиз жеңимпаз боласыз!

Ҳәзирги ўақытта сизиң ис-ҳәрекетлериңиз бәлким қорқынышлы шығар, бирақ умитсизленбең – Қудай сизди өзгертип, жаңа өмир бағышлайды. Алдыңғы орындағы сизин сөзлериңиз былай болсын: «Қудай мени айрықша хам өзгеше етип жараткан. Мен Қудайдың ең сүйикли перзентимен. Ийсаның қутқарўшы қаны арқалы мен гүнәларымнан ҳәм қателеримнен азатпан. Мен енди Ийсадай Мухаддеспен, сонлықтанда дурыс жол менен жүремен. Әлбетте, мен еледе қәте ислер-

ге жол қойыўым мүмкин, бирақ Қудайдың күши арқалы мен басқаша, жаңа адам бола аламан. Ийемизге алғыслар болсын!

Қудай сизди сүўетуғынын билсеңиз сиз жеңе алмайтуғын машқаланың өзи болмайды. Себеби Ийсаның күши ҳәм ерки ҳәмме нәрсеге жетерли.

Сиз жеңимпаз болыўды қәлейсиз бе? Онда бир ойланып көриң: қыйыншылықсыз яки тосқынлыксыз жеңимпаз болыў мүмкин бе? Солай етип, Руўхый өмиримизде де биз қыйыншылықларға дус келемиз, бирақ бул қыйыншылықлар бизди керисинше - даналыққа ҳәм үлкен жетискенликлерге алып келеди. Егерде өмиримизде қыйыншылықлар болмаса, бизге исенимиздиң не ушын кереги бар? Керисинше, пайда болған қыйыншылықларды өзиңиздиң рүўхый өсиўиңизге ҳәм адамзат ушын Қудайдың қудретиниң нелерге қадир екенлигин көриў ушын қолланың. Қудай менен деген қарым-қатнасыңыз соншелли күшке ийе болсын ҳәм Оның мухаббаты менен соншелли рәҳәтте болың - өмирде ушырайтуғын ҳәш қандай қыйыншылыклар сизлерди түўры жолдан шығарып уралмасын. Қудайдың сүўиспеншилиги арқалы сиз ҳәмме нәрсеге ерисе аласыз.

Мениң есимде, Қудайға келгенимнен кейин, бир айға шамалас ўақыт ишинде мен өзимди Оның сүйиспеншилишгине толып «мәс» болып қалғандай сезип жүрген едим. Ағайынлерим меннен: «Саған не болды, Джойс? Буған исениў қыйын, бирақ сен қатты өзгерип кетипсең. Саған не болған өзи?» - деп сораған ўақытлар ҳәм болды.

Қудайды жүрегиме қабыллағанымнан кейин мен адамларға «Қараңлар, мен өзгергенмен!» деп жәрия етиўим ушын да ҳәжети жоқ еди. Себеби мениң жүрис-түрысымнан, минез-қулқымнан бул сәўлеленип турған еди. Қудай менен бирликте жасайтуғын адам бәрше ўақыт унамлы минезге ийе болады, жүзинде қуўаныш жарқырап турады, ҳәм күннен-күнге ол күшке толып бара береди. Сиз адамның бай я гедейлигине, дос я душпан болўына қарамастан, оған бар күшиңиз бенен аянбай ҳызмет етиўге таяр боласыз. Себеби Қудайдың Мухаддес Рүўхы буны орынлаў ушын күш-қуўат береди.

Мына сөзлерди жүрегиңизде сақлап, өзиңизге медет бериң «Мен Қудайдың сүйкимли перзентимен, Аллилуйя! Ийса мени сүйеди!».

Қудайдың сүўиспеншилигине гуман туўдырмаң, себеби Қудай сизди сүйеди!

# Ийсаны жүрегиңизге кабыл етиў дуўасы

Егер сиз ҳеш қашан Ийса Масихты өз қутқарыўшыңыз ҳәм Ийеңиз сыпатында қабыл етпеген болсаңыз, сиз буны ҳәзир қылсаңыз болады. Шын жүрегиңиз бенен төмендегидей қылып дуўа етиң, сонда сиз жаңа өмирге ийе боласыз.

*«Қудиретли Ийем, Сениң Улың Ийса Масих пүткил дуньяның қутқарўшысы екенлигине исенемен. Атанақ ағашта мениң гунәларым ушын Өзин қурбанлық етип мениң гунәмды өзине алғанына, ҳәм Ол дозақ орайына мениң орныма түскенлигине мен исенемен. Буның бәрине мен ылайық едим, Ол емес. Бирақ Ийса дозақты да, шайтанды да жеңип, үш куннен соң өлимнен тирилгенине мен исенемен. Ол ҳәзир Сениң оң қол таманыңда отыр.*

*Ийса, сен маған кереқсен. Мениң гунәларымды кешир, мени қутқар ҳәм маған жаңа өмир бер. Сен айтқаныңдай пәк ҳәм таза болыўды қәлеймен.*

*Рахмет Саған, Ийем. Аўмин».*

Ийса Масих енди сизиң журегиңизде жасайды. Қудай-Әке сизиң гүнәларыңызды кеширди, енди сиз Оның алдында пәксиз. Бул өмирден қошласып кетиў ўактыңыз келгенде қорықпастан әкемиздиң ҳүзирине бара аласыз.

Өтиниш, енди сиз Қудайдың Сөзин оқың ҳәм басқа исениўшилер менен қарым-қатнаста болын. Себеби усылай сизиң руўхыңыз өседи. Мухаддес Китапта жазылғандай: *«Сол ўақытта Ийса Өзине исенген яҳудийлерге: - Егер Мениң сөзлерим бойынша жасасаңлар, ҳақыйқый шәкиртлерим боласызлар. Сизлер ҳақыйқатты билип аласызлар, ҳақыйқат сизлерди азат қылады, -деди» (Юхан 8:31,32).*

Мен сизлерди ҳәр күни Қудайдың сөзин оқып-үйрениўге шақыраман, ол сизиң жүрегиңиздиң ең төринде жасасын. Ҳәр қандай жағдайда Оның сөзине мүнәсип ис тутыңлар. Солай етип сиз ҳәр күни Ийса Масихқа уқсап бара бересиз (2 Кор 3:18).

Сизиң Джойс.

# «ҚУДАЙ СИЗДИ ҚӘНШЕЛЛИ СҮЙЕТУҒЫНЫН ШЫНЫ МЕНЕН БИЛЕСИЗБЕ?»

«Қудай сизди сүйеди!» - деген гәпти бәлким сиз бир неше мәртебе еситкен шығарсыз.
«Қудай бул дүньяны соншелли сүйгенликтен», «Қудай бул сүйиспеншилик» - деген аятларды адамлар жийи қолланады. Бирақта сораўдың мәнисиниң астары төмендегиден ибарат: Қудайдың сизди мәнги сүйетуғынына сиз ҳақыйқаттанда, гуманланбастан ҳеш нәрсеге қармастан исенесизбе? Бул ҳақыйқат сизиң күнделик өмириңизге ылайықлы күшке ийе болды ма? Қудай сизди қандай қылып жаратқан болса, сол тәризли болыўға, ҳәм де Ол сиз ушын режелестириген ислерди орынлаўға таярсызба?

**Бүгинги күни классикаға айланған бул китап сизге төмендегилерди түсиниўге жәрдем береди:**

- Мухаддес Китаптағы Қудайдың сүйиспеншилиги ҳақындағы терең түсиник.
- Қудайдың мухаббатың қабыл етиў ҳәм басқаларды да оның менен жарылқаў.
- Қудайдың ҳақыйқаты арқалы болған сизиң өмириңиздеги өзгерислер.
- Ҳәр бир күниңизде Қудайдың сүйиспеншилигинде жасаў.

Бул хабар ҳәр бир Ийсаға исенип, Масих пенен тығыс жеке қарым-қатнаста болыўшы инсанның өмири ушын жүдә мүҳим бола отырып, Қудайдың берген имканиятларын ашып өмирдеги орнын табыўға жәрдем береў қәсийетине ийе. Сизиң Қудайға қайсы ўақытлары келгениңизге қармастан, өзиңиз ушын бир қанша жаңа нәрселерди ашып, Оған еле де жақынласасып, алдын әрман етпеген сүйиспеншилик ҳақында билесиз!